

**IBWIRIZWA INOMERO 1/016 RYO KU
WA 20 NDAMUKIZA 2005
RIRINGANIZA UBUTEGETSI MURI
KOMINE**

IBWIRIZWA INOMERO 1/016 RYO KU WA 20 NDAMUKIZA 2005 RIRINGANIZA UBUTEGETSI MURI KOMINE

IBIRIMWO

IGICE CA I: INGINGO RUSANGI	5
Ikigabane ca mbere: Insiguro y’amajambo amwe amwe.....	5
Ikigabane ca II: Ibikuru bikuru Komine ijejwe.....	5
IGICE CA II : INGENE KOMINE IRINGANIJWE	6
Ikigabane ca mbere : inzego za Komine.....	6
Agace ka 1 : Inama ya Komine	6
Agace ka 2 : Musitanteri wa Komine	9
Agace ka 3 : Inama y’Umutumba n’iya kartiye	11
Agace ka 4 : Umukuru w’Umutumba canke wa Kartiye	12
Ikigabane ca 2 : Inzego mpanuzwajambo za Komine.....	12
Ikigabane ca 3 : Ingene intwaro ya Komine itunganijwe	13
Agace ka 1: Ivyerekeye ubuzi n’abakozi ba Komine	13
Agace ka 2 : Ivyo abakozi ba Komine bajejwe.	14
Ikigabane ca 4 : Ivyerekeye amafaranga Komine ikoresha.....	15
Agace ka 1 : Amafaranga Komine ikoresha ku mwaka	15
Agace ka 2: Aho amafaranga ya Komine ava.	17
Agace ka 3: Amafaranga Komine isohora.	19
Ikigabane ca 5 : Ivyerekeye amatungo n’amabarabara ya Komine.....	20
Agace ka 1: Amatungo ya Komine.....	20

Agace ka 2: Amabarabara ya Komine..... 21

Ikigabane 6 : Iicungerwa n’igenzurwa rya Komine22

Agace ka 1 : Ingene ingingo zishingwa n’abategetsi ba Komine zicungerwa. 22

Agace ka 2 : Gucungera ingene inzego za Komine zikora..... 23

Agace ka 3 : Igenzurwa ry’amafaranga Komine yinjiza n’ayo isohora ku mwaka23

**Ikigabane ca 7 : Urutonde rw’imigambi y’iterambere rusangi muri Komine
.....24**

IGICE CA GATATU : INGINGO MFATAKIBANZA N’IZISOZERA25

REPUBLIKA Y'UBURUNDI

IBIRO VY'UMUKURU W'IGIHUGU

IBWIRIZWA INOMERO 1/016 RYO KU WA 20 NDAMUKIZA 2005 RIRINGANIZA UBUTEGETSI MURI KOMINE

UMUKURU W'IGIHUGU ;

Yihweje Ibwirizwa Shingiro rya Repubulika y'Uburundi cane cane mu ngingo zaryo kuva ku ya 262 gushika ku ya 267 ;

Asubiriye kwihweza Itegeko-Bwirizwa inomeru 1/011 ryo ku wa 08 ndamukiza 1989 risubiramwo ingene ubutegetsi muri Komine buringanijwe ;

Yihweje Itegeko-Bwirizwa inomeru 1/29 ryo ku wa 24 nyakanga 1982 rishinga imbibe z'intara n'izo amakomine muri Repubulika y'Uburundi nk'uko ryagiye rirahinduka gushika ubu ;

Yihweje Ibwirizwa inomeru ½ ryo ku wa 25 ntwarante 1985 ryerekeye igitabu c'amategeko agenga amashamba muri Repubulika y'Uburundi ;

Yihweje Ibwirizwa inomeru 1/008 ryo ku wa 1 nyakanga 1986 ryerekeye igitabu c'amategeko agenga amatongo muri Repubulika y'Uburundi ;

Yihweje Itegeko-Bwirizwa inomeru 1/017 ryo ku wa 17 ruheshi 1988 rishinga ko amafaranga amwe amwe atozwa n'ubutegetsi ashikirizwa amakomine nk'uko ryagiye rirunganirwa gushika uno muni ;

Yihweje Itegeko-Bwirizwa inomeru 1/026 ryo ku wa 21 mukakaro 1989 rishikiriza amakomine n'igisagara ca Bujumbura amakori y'agataka atozwa mu Burundi bwose ;

Yihweje Itegeko-Bwirizwa inomeru 1/027 ryo ku wa 21 mukakaro 1989 rishikiriza amakomine n'igisagara ca Bujumbura amakori atozwa ku mazu akoteshejwe ;

Yihweje Itegeko-Bwirizwa inomeru 1/40 ryo ku wa 26 munyonyo 1992 rishinga imbibe z'igisagara ca Bujumbura ;

Yihweje Itegeko-Bwirizwa inomeru 1/037 ryo ku wa 7 mukakaro 1993 rishinga igitabu c'amategeko agenga akazi ;

Yihweje Itegeko-Bwirizwa inomeru 1/008 ryo ku wa 6 ruheshi 1998 rishinga amategeko agenga abakozi ba Leta ;

Yihweje Ibwirizwa inomeru 1/010 ryo ku wa 30 ruheshi 2000 rishinga igitabu c'amategeko agenga ibidukikije muri Repubulika y'Uburundi ;

Yihweje Ibwirizwa inomeru ½ ryo ku wa 31 ntwarante 2004 rigenga Sentare icungera amatungo ya Leta ;

Yihweje Ibwirizwa inomeru 1/23 ryo ku wa 31 kigarama 2004 rishinga urwego rw'inyamiramabi mu gihugu, ingene ruringanijwe, ivyo rujewe, abarugize n'ingene rukora ;

Yihweje Itegeko ry'Umwami inomeru 1/570 ryo ku wa 18 kigarama 1964 ryerekeye itunganywa ry'ikigega ca Komine ;

Yihweje Itegeko ry'Umukuru w'Igihugu inomeru 100/067 ryo ku wa 21 ndamukiza 1990 ryerekeye abakozi b'amakomine n'ab'ibisagara ;

Yihweje Itegeko ry'Umukuru w'Igihugu inomeru 100/145 ryo ku wa 12 gitugutu 1995 ryerekeye ingene ubuzi bwa Leta burangurirwa mu ntara buringanijwe ;

Yihweje Itegeko ry'Umukuru w'Igihugu inomeru 100/57 ryo ku wa 31 mukakaro 2000 ritegekanya urutonde rw'ibisagara ;

Yihweje Itegeko ry'Umukuru w'Igihugu inomeru 100/109 ryo kuwa 05 myandagaro 2004 riringaniza Ubushikiranjanji bw'Intwari yo hagati mu gihugu ;

Inama Nshikiranjanji imaze kuryihweza ;

Inama Nshingamateka Mfatakibanza n'Inama Nkenguzamateka Mfatakibanza zimaze kuryemeza ;

ARATANGAJE :

IGICE CA I : INGINGO RUSANGI

IKIGABANE CA MBERE : INSIGURO Y'AMAJAMBO AMWE AMWE

Ingingo ya 1: Komine ni igisata c'intara cigenga, ciserukira imbere ya sentare, gifise inzego zigenga, kikigenga no mu gutunganya ikigega caco.

Komine ishingwa n'ibwirizwa ryunganira Ibwirizwa Shingiro rikayiha izina, umurwa mukuru n'imbibe.

Ingingo ya 2: Komine ishobora kuba iyo mu gisagara canke iyo mu gihugu hagati.

Ibwirizwa ni ryo rigena uturere dushobora kuba amakomine yo mu bisagara, harabwe igwirirana ry'abantu hamwe n'iterambere mu butunzi n'inyubakwa biri mu karere kamwe kamwe.

Ingingo ya 3: Komine yo mu gihugu hagati igabuwemwo amazone n'imitumba ya rusansuma. Komine yo mu gisagara igabuwemwo amazone n'ama Kartiye.

Igitigiri, amazina n'imbibe z'amazone, z'imitumba ya rusansuma n'ama Kartiye bishingwa n'ibwirizwa ryunganira Ibwirizwa Shingiro.

Ingingo ya 4: Zone ni akarere ka Komine gakukira Komine mu vy'intwaro kari hagati ya Komine n'imitumba ya rusansuma canke n'ama Kartiye.

Umutumba wa rusansuma ni rwo rwego rwo hasi mu ntwaro y'amakomine yo hagati mu gihugu. Ushobora kugirwa n'imisozi ibiri canke irenga.

Kartiye ni rwo rwego rwo hasi mu ntwaro ya Komine yo mu gisagara. Kartiye igizwe n'amabarabara.

Ibarabara ni umuharuro wo mu gisagara wubatsweko amazu ku mpande zose canke kuri rumwe gusa.

IKIGABANE CA II : IBIKURU BIKURU KOMINE IJEJWE

Ingingo ya 5: Komine ijejwe gutunganya ivyo vyose bifitiye akamaro ababa muri yo.

Itunganya imirimo ifitiye akamaro ababa muri Komine bose itajejwe Leta, kubera kamere kayo, uko ingana canke kubera ariko amategeko abivuga.

Leta irashobora gutuma Komine kuringaniza canke kurangura bimwe bimwe mu vyo ijejwe muri iyo Komine nyene. Muri ico gihe, Leta ica iha Komine abakozi bakenewe, ibikoresho n'amafaranga akenewe.

Ingingo ya 6: Komine niyo shingiro ry'iterambere mu butunzi no mu mibano ku banyagihugu bayibamwo. Inzego zayo zitegerezwa kwama na ntaryo zitwararika iterambere ry'abo muri vyose. Leta itegerezwa kuyunganira nko mu kuyiha abakozi n'ibikoresho itaba isanganywe.

Ingingo ya 7: Leta iracungera ko amakomine yose yo mu gihugu atera imbere ata n'imwe isigara inyuma ifatiye ku gufashanya mu gihugu cose.

Kugira ngo habe iterambere ry'amakomine mu butunzi no mu mibano bifatiye haba ku bikorwa vy'umuntu umwe umwe canke ku bikorwa vya benshi bagiye hamwe, amakomine arashobora gufashanya mu kurangurira hamwe ibikorwa vy'iterambere. Hazoshingwa itegeko riringaniza ukwo gufashanya kw'amakomine.

IGICE CA II : INGENE KOMINE IRINGANIJWE

IKIGABANE CA I : INZEGO ZA KOMINE

Ingingo ya 8: Komine irongowe n'urwego rw'abajenama ba Komine hamwe na Musitanteri. Umutumba canke Kartiye birongowe n'abajenama b'umutumba canke ba Kartiye hamwe n'umukuru w'umutumba canke wa Kartiye.

AGACE KA 1 : Inama ya Komine

Ingingo ya 9: Abagize Inama ya Komine bitorerwa n'abanyagihugu bo muri iyo Komine nk'uko bitegekanijwe n'ibwirizwa rigenga amatora. Igitigiri c'abajenama ba Komine gishingwa n'ibwirizwa rigenga amatora. Abajenama ba Komine bamara imyaka itanu muri ayo mabanga. Ico kiringo gitangura umunsi bashikirizwa amabanga kikarangira umunsi hashikirizwa ababasubirira. Urwego rw'abajenama ba Komine ruratora ibiro birurongora, bigizwe n'Umukuru w'Inama, icegera ciwe n'umunya-mabanga.

Ingingo ya 10 : Umurwi wigenga ujejwe gutunganya amatora mu gihugu cose niwo uraba ingene Inama ya Komine iringanijwe ku vyerekeye ingene amoko n'ibitsina biserukirwa wisunze ibitegekanijwe n'Ibwirizwa rigenga amatora.

Ingingo ya 11: Ivyavuye mu matora bimaze gutangazwa, abagize Inama ya Komine baca bagira inama yabo ya mbere mu kiringo kitarenga iminsi indwi. Muri iyo nama nyene baratora muri bo umukuru w'urwo rwego, icegera ciwe na Musitanteri. Musitanteri niwe aca aba umunyamabanga w'Inama ya Komine.

Ayo matora agirwa mu mwiherero ahagarikiwe n'uwuserukira Umurwi wigenga ujejwe gutunganya amatora mu ntara. Inama irongorwa n'umujenama wa Komine arusha abandi imyaka y'amavuka. Ivyerekeye umukuru wa Komine yatowe birungikwa n'intumwa y'Umurwi wigenga ujejwe gutunganya amatora mu ntara, kugira Umukuru w'Igihugu ashire igikumu kw'itegeko rimugena habanje gusuzumwa ko amoko n'ibitsina vyaserukiwe bikwiye mu gihugu cose.

Umukuru w'Inama ya Komine atorera ikiringo urwo rwego rumara. Ariko, arashobora kuva muri ayo mabanga ico kiringo kitarahera nk'uko bitegekanijwe

mu ngingo z'iri bwirizwa canke hakurikijwe amategeko yerekeye ingene urwo rwego rwitunganiriza imirimo yarwo.

Ingingo ya 12: Inama ya Komine ikorana rimwe mu mezi atatu mu manama asanzwe. Urwo rwego rushobora gukorana mu nama idasanzwe itumweko n'umukuru warwo avyitumye canke bisabwe n'igice kimwe kuri bitatu vy'abagize urwo rwego canke umutegetsi afise ububasha bwo gusuzuma ibirangurwa n'inzego za Komine. Abisabwe nk'uko bitegekanijwe muri iyi ngingo, Umukuru w'Inama ya Komine ategerezwa gutumako abagize urwo rwego mu minsi itarenga munani kuva kw'igenekerezo aronkeyeko urwandiko rubimusaba. Abagize urwego rw'abajenama ba Komine bitavye inama barahabwa agashirikabute kashinzwe n'urwo rwego.

Ingingo ya 13: Inama ya Komine itunganya, biciye mu manama, ivyerekeye Komine vyose. Ivyo ijejwe ni nk'ibi:

- 1°. iratora Musitanteri wa Komine nk'uko bitegekanijwe mu ngingo ya 11 y'iri bwirizwa ;
- 2°. iremeza amafaranga akoreshwa na Komine, ikaganzura ingene akoreshwa kandi ikemeza inzandiko zivyerekeye ;
- 3°. irashinga aho amafaranga ya Komine ava nk'uko bitegekanijwe kuva mu ngingo ya 64 gushika ku ya 73 z'iri bwirizwa ;
- 4°. irashinga imigambiy'iterambere rya Komine igacungera n'ingene iyo migambi irangurwa ;
- 5°. irashinga ku mwaka ku mwaka, igiye inama na Bulamatari w'intara canke Umukuru w'igisagara, ingene harangurwa ibikorwa vy'iterambere vyega Leta na Komine birangurwa ;
- 6°. irashira ku rutonde amatungo ya Komine canke ikayavanako, ikongera igashinga ico ayo matungo agenewe itarenze amategeko agenga amashamba n'ibidukikije ;
- 7°. irashinga, ikaringaniza, kandi ikaganzura akazi muri Komine ;
- 8°. irakora ibishoboka vyose kugira ngo akazi kagwire muri Komine ;
- 9°. iremeza ivyo gutanga akazi ibicishije ku bayirongoye;
- 10°. irashinga imitahe y'amafaranga canke y'ibindi Komine ishira mu mashirahamwe y'iterambere akorera muri iyo Komine ;
- 11°. iremeza ibisabwa kurangurwa na Komine ku matungo Leta yayihebeye yisunze amategeko ;
- 12°. niyo iha Musitanteri uburenganzira bwo kugira amasezerano ayo ariyo yose yerekeye amatungo ya Komine, gusaba ingurane, gushira imitahe mu mashirahamwe y'iterambere yaba ayakorera muri Komine, mu karere Komine irimwo canke mu gihugu cose kandi niyo yemera ko Komine igabirwa canke iragwa ama tungo ;
- 13°. niyo yemeza amategeko ayigenga igaca iyarungikira Bulamatari w'intara kugira ngo ayamenye.

- Ingingo ya 14:** Iyo ibisabwe hakurikijwe amategeko, Inama ya Komine iratanga icyumviro ku bintu vyose bifitiye akamaro Komine mu vyerekeye intwaro, ubutunzi, imibano n'imico kama, nk'inzandiko n'ibicapo vyerekana imigambi y'iterambere ry'ibisagara muri Komine.
- Ingingo ya 15:** Inama ya Komine irategekanya n'imiburiburi kabiri mu mwaka amakoraniro ahuriramwo abajenama bo ku mitumba hamwe n'abaserukira amashirahamwe akorera muri Komine kugirango ibamenyeshe ingene Komine yifashe mu ntwaro, mu mibano no mu butunzi hamwe n'imigambi ifise. Abaje muri izo nama barafise uburenganzira bwo kubaza ibibazo no gushikiriza inyishu bipfuzako zotangwa kuri ivyo bibazo.
- Ingingo ya 16:** Mu guhamagara Abajenama mu nama, Umukuru w'Inama ya Komine arabandikira ikete canke agakoresha ubundi buryo butuma baronka ubutumire ata nkeka. Ubwo butumire butegerezwa gushikira umwe wese n'imiburiburi hasigaye iminsi itanu ngo inama ibe kandi buba bwanditsweko ibizokwihwezwa.
- Ingingo ya 17:** Urwego rw'abajenama ba Komine nti rushobora kugira inama abahari badashika ibice bibiri kuri bitatu vy'abayigize kandi ivyihwezwa atari ivyashikirijwe mu butumire gusa.
- Iyo ico gitigiri kidashitse, hararikwa iyindi nama mu minsi itanu ikurikira hagatangwa iyindi sango. Muri ico gihe Inama ya Komine ikorana iyo igice kimwe kuri bibiri vy'abayigize bahari.
- Iyo abaje muri iyo nama igira kabiri badashitse ico gitigiri, inama igira gatatu irashobora gutumwako mu minsi itanu nyene; Bulamatari w'intara canke Umukuru w'igisagara agategerezwa kuyizamwo kugira ngo hafatwe ingingo zikenewe.
- Ingingo ya 18:** Bulamatari w'intara, Umukuru w'igisagara canke intumwa zabo barashobora kuja mu manama y'Inama za Komine ka burorerezi, ariko basavye ijambo bategerezwa kurihabwa.
- Ingingo ya 19:** Inama ya Komine igira ikoraniro ku mugaragaro. Ariko ikoraniro rirashobora kubera mu mwiherero bisabwe n'umukuru w'urwo rwego canke ica gatatu c'abarugize.
- Iyo higwa ikibazo cerekeye umuntu ubwiwe canke abantu, umukuru w'Inama ya Komine abwirizwa gutegeka ko ikoraniro ribera mu mwiherero. Inama isubira kuba ku mugaragaro ico kibazo barangije kucihweza.
- Umukuru w'Inama ya Komine ni we ajejwe umutekano w'ikoraniro. Arashobora kwirukana uwo wese awuhungabanije.
- Ingingo ya 20:** Ingingo z'inama ya Komine zishingwa iyo abenshi mu bitavye ikoraniro bazemeje.
- Amatora aba mw'ibanga iyo hageze kugena canke kwirukana abantu mu kazi.

Batorera ahabona ku vyo bihweza vyose bindi, kiretse iyo ibiro vy’Inama ya Komine bishinze ko biba ukundi.

Ingingo ya 21: Mu kiringo c’iminsi cumi n’itanu Musitanteri aca arungikira Bulamatari w’intara canke Umukuru w’igisagara icegeranyo c’inama kugira ngo amenye ivyihwejwe.

Ingingo ya 22: Inama ya Komine irashobora gushinga mu bayigize imirwi yamaho canke imara igihe gitoya ishinzwe kwiga ibibazo vy’iterambere rya Komine.

Amategeko yerekeye ingene iyo mirwi iringanijwe n’ingene ikora azoshirwa hamwe n’ayo Inama ya Komine imwe imwe izokwishiriraho yerekeye ingene ikora.

Ingingo ya 23: Umujenama wa Komine ava muri ayo mabanga ikiringo c’Inama ya Komine giheze canke apfuye kitarahera.

Kirashobora kurangira kandi :

1° atanze imihoho ;

2° atakaje kimwe mu bisabwa n’amategeko ngo ashobore kwitoza ;

3° asivye ata mvo zishemeye afise mu makoraniro atatu akurikirana ;

4° aciriwe umunyororo w’ amezi abiri canke arenga atarinze kugeragezwa canke umunyororo w’amezi atandatu abanje kugeragezwa, kiretse iyo ari ibihano bijanye n’ivyaha bitumwa n’ugusamara canke bijanye no kugaragaza ivyo umuntu yiyumvira ;

5° Inama ya Komine ifuswe.

Ingingo ya 24: Umujenama wa Komine atakiri mu mabanga ajejwe canke atagifitiye umwanya urwo rwego aca asubirizwa nk’uko bitegekanijwe mw’ibwirizwa rigenga amatora.

AGACE KA 2 : Musitanteri wa Komine

Ingingo ya 25: Musitanteri wa Komine ni we aserukira Komine n’abayibamwo. Yishimikije ayo mabanga niwe ajejwe kubungabunga no gukoresha amatungo ya Komine, niwe arongora ubuzi bwa Komine akongera agacungera ingene ubwo buzi burangurwa, aratunganya ingene ibikorwa vyose vy’iterambere mu butunzi n’imibano bikorerwa muri iyo Komine birangurwa.

Arashinga ingingo zose zikenewe kugira ngo ivyashinzwe n’Inama ya Komine biranguke.

Ingingo ya 26: Mw’iKomine yiwe Musitanteri niwe aserukira Leta. Kubera iryo banga niwe ajejwe gukurikiza amabwirizwa n’amategeko.

Afise ububasha bwose bw'inyamiramabi. Kubera ivyo ashobora gushinga ingingo iyo ariyo yose abona ko ikenewe kugira yubahirize umutekano.

Ingingo ya 27: Musitanteri arafise ububasha ku bajejwe Umutekano bose barungitswe gukorera muri Komine arongoye.

Arafise ububasha bwo gucungera no guha intumbero abakozi ba Leta bakorera muri iyo Komine. Igihe abo bakozi bataranguye amabanga yabo canke inzego zabo zigakora nabi, ararungikira raporo ivyerekeye ababatwara.

Ingingo ya 28: Mu matora ya mbere akurikira intwari mfatakibanza, Inama ya Komine izotora Musitanteri mu bayigize. Musitanteri azokwinjira muri ayo mabanga Umukuru w'Igihugu ashize igikumu kw'itegeko rimugena.

Mu matora azokurikira, Inama Nshingamateka n'Inama Nkenguzamateka zimaze kuvyihweza zizoshobora gushinga ko Musitanteri yitorerwa n'abanyagihugu bo nyene.

Ingingo ya 29: Ikiringo Musitanteri amara mu mabanga ni imyaka itanu.

Ingingo ya 30: Musitanteri ahembwa na Leta akaronka n'utundi dushirukabute dushingwa n'Inama ya Komine ; utwo dushirukabute tuva mu kigeza ca Komine.

Ingingo ya 31: Musitanteri arongora Komine kandi agatunganya ivyayo. Ivyo ajejwe ni nk'ibi :

- 1°. ni we aserukira Komine imbere y'Ubutungane, y'izindi nzego za Leta no mu masezerano Komine igiranira n'abandi ;
- 2°. ni we mukuru araba imirimo yose irangurirwa muri Komine arongoye ;
- 3°. ni we atunganya amatungo ya Komine ;
- 4°. ni we arongoye ubuzi n'abakozi ba Komine ;
- 5°. ni we ajejwe inzandiko ndangamuntu;
- 6°. ni we ashingira ingingo zose zikenewe kugira ngo ivyashinzwe n'Inama ya Komine bikurikizwe ;
- 7°. arategura imigambi y'iterambere ry'abanyagihugu, agakurikirana ingene irangurwa abanje guhanuza abo yerekeye. Araheza akaja arabwira Inama ya Komine na Bulamatari aho iyo migambi igeze ;
- 8°. arategura kandi agakoresha amafaranga Komine itegekanya gukoresha mu mwaka ;
- 9°. ni we ategeka ko amafaranga ya Komine asohoka canke ko yinjira ;
- 10°. arashingira ingingo zikwiye zo gukingira ibidukikije.

Ingingo ya 32: Uko umwaka utashe, imbere y'igenekerezo rya 31 ntwarante, Musitanteri arategura raporo y'ingene Komine yifashe, akayishikiriza Inama ya Komine. Iyo

raporo irarungikirwa Bulamatari kandi igatangazwa imaze kwemezwa n’Inama ya Komine.

Ingingo ya 33: Ikiringo Musitanteri amara muri ayo mabanga kirangira imyaka kigenewe iheze canke apfuye.

Ico kiringo gishobora kandi kurangira iyo:

- atanze imihoho ku gushaka kwiwe ;
- habonetse imvo ituma adashobora kwitoza canke akarangura uwundi murimo utabangikanywa n’amabanga ajejwe ;
- yaciriwe igihano co gupfungwa amezi abiri canke c’amezi atandatu yo kugeragezwa, kiretse iyo ari ivyaha bitakozwe n’impaka canke ivyaha bijanye n’uguserura iviyumviro ;
- iyo abogojwe n’ingingo ishinzwe n’Inama ya Komine, canke n’ingingo ishinzwe na Bulamatari nk’iyo Musitanteri yagiriye icaha co kurya ibiturire, iyo adashoboye akazi ashinzwe, iyo arenganya, iyo ahonyanga agateka ka zina muntu canke anyuruza amafaranga n’amatungo ya Komine.

Ingingo ya 34: Igihe Komine itagifise Musitanteri kubera imvo zidondaguwe mu ngingo ya 33 y’iri bwirizwa, Inama ya Komine iratora mu minsi mironko itatu ikurikira, Musitanteri mushasha agashikirizwa Umukuru w’Igihugu kugira ngo amugene, Inama Nkenguzamateka imaze gusuzuma ivyerekeye uguserukirwa kw’amoko n’ibitsina. Musitanteri atowe aca arangiza ikiringo c’uwo asubiriye.

Mu gihe ayo matora ataraba, amabanga ya Musitanteri aba ararangurwa n’Umujenama Ajejwe ivy’Intwaro n’Imibano nk’uko bitegekanijwe mu ngingo ya 54 y’iri bwirizwa.

AGACE KA 3 : Inama y’Umutumba n’iya kartiye

Ingingo ya 35: Umutumba canke Kartiye birongorwa n’Inama y’Umutumba canke ya Kartiye igizwe n’abantu batanu bitorewe n’abanyagihugu, bakamara ikiringo c’imyaka itanu.

Umujenama yarushije abandi amajwi niwe aba Umukuru w’Umutumba canke wa Kartiye.

Mu matora ya mbere akurikira intwaro mfatakibanza abitoza bitoza ku giti cabo.

Ingingo ya 36: Inama ya Komine canke ya Kartiye ikorana rimwe mu kwezi itumweko n’Umukuru w’Umutumba canke wa Kartiye. Abayigize barahabwa agashirukabute uko bakoranye kakava mu kigega ca Komine, kandi kandi ingene kangana bishingwa n’Inama ya Komine.

Ingingo ya 37: Ihagarikiwe n’Umukuru w’Umutumba canke wa Kartiye, Inama y’Umutumba canke ya Kartiye ijejwe ibikurikira :

- 1%. gushinga, ivyumvikanye n’Inama ya Komine, ingingo n’uburyo imigambi y’iterambere n’iyo kubungabunga amahoro ku mutumba canke muri Kariye irangurwa ;
- 2%. ifadikaniye n’abashingantahe bo ku mutumba canke bo muri Kariye ishinzwe kunywanisha, kwumvikanisha no gutatura ababanyi batase ;
- 3%. gutanga impanuro ku bibazo vyose vyerekeye umutumba canke Kariye ;
- 4%. gukurikirana kw’izina ry’abanyagihugu itunganywa ry’ivyerekeye umutumba canke Kariye.

AGACE KA 4 : Umukuru w’Umutumba canke wa Kariye

Ingingo ya 38: Umukuru w’umutumba canke wa Kariye ni we ajejwe gusasagaza amahoro n’iterambere aho arongoye.

Kubera ivyo araringaniza n’imiburiburi rimwe mu mezi atatu ikoraniro ry’abanyagihugu bose kugira ngo bihweze ingene ivyerekeye intwari, imibano, iterambere n’umutekano vyifashe kuri uwo mutumba canke muri Kariye.

Umukuru w’Umutumba canke wa Kariye bararonka agahembo ata kori gatangwako bahabwa na Komine kandi gashingwa n’Inama ya Komine.

IKIGABANE CA 2 : INZEGO MPANUZWAJAMBO ZA KOMINE

Ingingo ya 39: Inama ya Komine irashinga Umurwi Mpanuzwajambo wa Komine ujejwe iterambere ibisabwe na Musitanteri.

Intumbero y’urwo rwego n’ugukoresha ubuhinga bafise mu gufasha abarongoye Komine gutegura imigambi y’iterambere rusangi no ku bindi vyose bijanye n’iterambere rya Komine.

Ingingo ya 40: Uko amezi atandatu aheze Musitanteri arashikiriza Inama ya Komine raporo yerekana aho imigambi y’iterambere rusangi igeze kurangurwa.

Iyo raporo irarungikirwa kandi Bulamatari, Umushikirananyi Ajejwe Intwari yo Hagati mu Gihugu hamwe n’Umushikirananyi Ajejwe Imigambi ya Leta.

IKIGABANE CA 3: INGENE INTWARO YA KOMINE ITUNGANIJWE

AGACE KA 1: Ivyerekeye ubuzi n'abakozi ba Komine

Ingingo ya 41: Bisabwe na Musitanteri, Inama ya Komine irashinga ubuzi bwose bukenewe muri Komine kugira ngo abanyagihugu batunganirwe kandi iratomora ico kamwe kamwe kajejwe.

Ingingo ya 42: Birekuwe n'Inama ya Komine, Musitanteri arinjiza abakozi akwirikije amategeko agenga abakozi ba Komine n'ayerekeye ivy'akazi.

Ingingo ya 43: Abakozi ba Komine harimwo abakuru b'amazone hamwe n'imiburiburi abakurikira :

- Umuhanuzi ajejwe ivy'Intwano n'Imibano ;
- Umuhanuzi ajejwe ivyo iterambere ;
- Umunyamabanga wa Komine ;
- Umunyabigega wa Komine ;
- Uwujejwe inzandiko ndangamuntu ku kibanza cose zitangirwamwo.

Abahanuzi n'abakozi ba Leta bakuru bakuru Leta irungikira Komine ikongera ikabahemba. Abo bahanuzi basabwa n'Inama ya Komine.

Ingingo ya 44: Amategeko agenga abakozi ba Komine ashingwa n'itegeko ry'Umukuru w'Igihugu.

Ingingo ya 45: Bisabwe na Musitanteri, bikemezwa n'Inama ya Komine abakozi ba Leta barashobora kurungikirwa Komine hisunzwe amategeko agenga abakozi ba Leta. Imishahara, udushirikabute n'utundi turusho bahembwa biva mu kigega ca Komine.

Ingingo ya 46: Umukuru wa zone agenwa n'Inama ya Komine ibisabwe na Musitanteri. Agenwa mu banyagihugu b'imvukira canke baba muri iyo Komine. Umunyamabanga n'umunyabigega ba Komine bagenwa na Musitanteri babanje gukora ikibazo kandi bamaze kwemezwa n'Inama ya Komine. Abasaba ubwo buzi bubiri bategerezwa n'imiburiburi kuba baratogeje amashure yisumbuye kandi barayamenye canke ayangana nayo canke bikaba bigaragara ko bamaze kumenyera ubwo buzi bubiri.

Ingingo ya 47: Kubera ivyo, Umukuru wa Zone ajejwe amabanga akurikira :

1%. guhimiriza no gukurikirana ibikorwa vy'iterambere vyategekanijwe na Komine muri zone, ku mutumba canke mu gisata c'igisagara ;

- 2°. guhagarikira ubuzi bujewe kurangura ivyerekeye inzandiko ndangamuntu muri zone, ku mutumba canke mu gisata c'igisagara ;
- 3°. gushikiriza abanyagihugu bo muri zone, ku mutumba canke mu gisata c'igisagara ubutumwa ubwo aribwo bwose bukenewe bisabwe n'abarongoye Komine ;
- 4°. gushikiriza abarongoye Komine ivyipfuzo n'ivyo vyose biraje ishingira abanyagihugu baba aho ajejwe ;
- 5°. kurangura ubutumwa ubwo aribwo bwose canke igikorwa icyo arico cose yahawe n'umukuru wa Komine.

Ingingo ya 48: Umukuru wa Zone aserukira Musitanteri muri zone yiwe; iyo bikenewe Musitanteri arashobora kumutuma kurangura amabanga asanzwe yamushinze amabanga amwe amwe mu yo ajejwe we nyene bitumwe n'ishakariy'uko intwari yogenda neza ;
Ni we ahimiriza kandi agacungera ibikorwa vy'iterambere vyategekanyijwe na Komine muri zone.

Ingingo ya 49: Iyo Musitanteri afatirwe igihe gitoyi asubirirwa n'Umuhanuzi ajejwe ivy'Intwari n'Imibano. Uwo nawe afatirwe asubirirwa n'Umuhanuzi ajejwe ivy'Iterambere. Igihe abo babiri bompibafatirwe, basubirirwa n'Umunyamabanga wa Komine aba ararangura ibikorwa bisanzwe vya minsi yose.

Iyo Umuhanuzi ajejwe ivy'Intwari n'Imibano afatirwe, Umunyamabanga wa Komine ahagarikiwe na Musitanteri ni we acungera ubuzi bwa Komine n'abakozi ba Komine.

AGACE KA 2 : Ivyo abakozi ba Komine bajewe

Ingingo ya 50: Umunyamabanga wa Komine ajejwe gushingura no kubungabunga inzandiko zose, kwakira no gutanga amakete, kwandika ivyegeranyo vyerekeye ingingo zashinzwe n'Inama ya Komine no gushingura ingingo zose zashinzwe n'urwo rwego.

Ingingo ya 51: Umunyabigega wa Komine ajejwe gutoza amafaranga no gutunganya inzandiko zerekeye amafaranga yinjira muri Komine. Musitanteri arashobora kugena umufasha w'umunyabigega wa Komine umwe canke barenga ariko igitigiri c'ubuzi bwa Komine cemejwe n'Inama ya Komine nti kirenge. Umunyabigega wa Komine aracungera kandi agasuzuma ingene abo bafasha bakora.
Umunyabigega wa Komine ni we wenyene arekuriwe gusohora amafaranga yisunze amategeko kandi bitangiwe uruhusha bigashirwako umukono na Musitanteri.

Ingingo ya 52: Umukozi wa Komine ajejwe inzandiko ndangamuntu niwe abungabunga ibitabu vyandikwamwo inzandiko ndangamuntu, agatanga amakarata karangamuntu

n'izindi nzandiko izo arizo zose ziranga abantu bose b'imvukira za Komine canke baba muri iyo Komine.

Igitabu c'amategeko aringaniza ingene inzandiko zitegurwa kandi zigatangwa ni co gishinga urutonde rw'inzandiko arekuriwe guterako igikumu we nyene, n'izindi zongerwako igikumu ca Musitanteri, c'Umunyamabanga wa Komine canke c'Umukuru wa Zone babitumwe na Musitanteri.

Ingingo ya 53: Umuhanuzi wa Komine ajejwe Iterambere rya Komine ashinzwe kurangura amabanga akurikira :

- 1%. gutororokanya ibikenewe vyose vyerekeye ubutunzi n'imibano kugira ngo haringanizwe imigambi y'iterambere rusangi rya Komine ;
- 2%. gutegura no gukurikirana irangurwa ry'imigambi y'iterambere ;
- 3%. gufasha Musitanteri gutegura icegeranyo c'ingene ibikorwa vy'iterambere vyega Komine n'ivyo Leta iriko irarangurira muri Komine biriko biratera imbere;
- 4%. gufasha Musitanteri gucungera ibikorwa vy'iterambere birangurwa n'abandi banywanyi bishinze iterambere rya Komine ;
- 5%. gutegura no gukurikirana igikorwa ico arico cose yashinzwe na Musitanteri.

Ingingo ya 54: Ahagarikiwe na Musitanteri, Umuhanuzi wa Komine ajejwe ivy'Intwaro n'Imibano ashinzwe amabanga akurikira :

- 1%. gukurikirana ibibazo vyose vyerekeye intwaro ;
- 2%. gukurikirana ibirangurwa vyerekeye imico kama n'inkino ;
- 3%. gukurikirana ivyo vyose vyerekeye indero n'amagara y'abantu ;
- 4%. gufasha abatishoboye n'abateshejwe izabo abo aribo bose ;
- 5%. gukurikirana ivyerekeye gutegekaniriza kazoza abakozi ba Komine n'abandi bakozi ba Leta bakorera muri Komine.

Ni we asubirira Musitanteri atariho ari.

IKIGABANE CA KANE : IVYEREKEYE AMAFARANGA KOMINE IKORESHA

AGACE KA 1 : Amafaranga Komine ikoresha ku mwaka

Ingingo ya 55: Amafaranga Komine ikoresha ku mwaka agizwe n'ibice bibiri: amafaranga Komine ikoresha iminsi yose n'ayo ikoresha mu migambi y'iterambere.

Urwandiko biba biri kumwe ruratomora neza igitigiri c'amafaranga akenewe yerekeye ibikorwa vy'iterambere rusangi, ayazokoresha mu migambi y'ibikorwa bifitiye akamaro bose bitegekanijwe kurangurirwa muri Komine n'ayo Komine ishira mu migambi y'amashirahamwe yitaho iterambere.

- Ingingo ya 56:** Amafaranga Komine ikoresha ku mwaka ategerezwa kungana n'ayinjira. Ku gice cose ayinjiye ategerezwa kuba akwiranye n'ayakoreshejwe. Ayacagutse ku yinjiye ayakoreshejwe avuyemwo, ni yo akurwamwo ubwa mbere na mbere ayategerezwa gusohoka ategekanirijwe iterambere ariyo y'aya:
- kwishura igice c'umutahe n'inyungu y'amafaranga yaguranywe ategerezwa kurihwa muri uwo mwaka;
 - amafaranga atangwa na Komine mw'irangurwa ry'imigambi y'iterambere rusangi muri uwo mwaka.
- Amafaranga y'inyungu n'ayo kuriha ingurane Komine yasavye ategerezwa kurihwa mu matungo bwite ya Komine.
- Ingingo ya 57:** Amafaranga acagutse ku yinjiye hamaze kuvamwo ayakoreshejwe mu bikorwa vy'iterambere ashirwa mu bubiko bw'ikigega c'integabizozo akazokwongerezwa ku yazokoresha mu bikorwa vy'iterambere.
- Ingingo ya 58:** Ikoreshwa ry'amafaranga yategekanijwe mu mwaka ritangura igenekerezo rya mbere nzero rikarangira kw'igenekerezo rya 31 kigarama muri uwo mwaka nyene.
- Integuro y'amafaranga azokoresha mu mwaka igirwa na Musitanteri.
- Itegerezwa kwemezwa n'Inama ya Komine hatarenze igenekerezo rya 30 nyakanga ry'umwaka ukurikirirwa n'uwo iyo nteguro yerekeye.
- Ingingo ya 59:** Integuro y'amafaranga azokoresha mu mwaka yemejwe N'Inama ya Komine, irarungikirwa, hatarenze igenekerezo rya 31 gitugutu, Bulamatari w'intara canke Umukuru w'Igisagara kugira ngo bayemeze.
- Ingingo ya 60:** Igihe urwego rw'inama y'abajenama ba Komine hari ico itateganiye mu mafaranga azokoresha mu mwaka, ategerezwa kubamwo canke iyo amafaranga yategekanijwe adakwiye canke bikaboneka ko amafaranga azinjira ari muni y'ayategekanijwe gukoreshwa, Bulamatari w'intara canke Umukuru w'igisagara baca basubiza iyo nteguro urwego rw'inama y'abajenama ba Komine bakayisaba ko isubirwamwo.
- Iyo iyo nteguro idasubiwemwo mu kiringo c'iminsi cumi n'itanu Bulamatari w'intara canke Umukuru w'igisagara arashobora guca wenyene ayashira mu nteguro canke akaduza igitigiri cayo.
- Ingingo ya 61:** Iyo amafaranga azokoresha mu mwaka adashinzwe imbere y'igenekerezo rya mbere nzero ry'umwaka yerekeye, Musitanteri arashobora gutegeka ko hakoresha amafaranga ataranga ayakenewe kugira ngo ubuzi bwa Komine bubandanye bukora ariko ayo mafaranga asohowe akaba arico yari agenewe kandi ntarenge ku kwezi kwose guheze canke kwatunguye ica cumi na kabiri c'amafaranga yose yari yateguriwe gukoreshwa mu mwaka ukurikirirwa n'uwo iyo nteguro yerekeye.

Ingingo ya 62: Igitigiri c'amafaranga Komine ikoresha ku mwaka ntigishobora guhinduka umwaka utarahera hatisunzwe amategeko yakurikijwe igihe cemezwa, kandi hakubahirizwa ingene ivyo ayo mafaranga yagenewe gukoreshwa bikurikirana ku rutonde rwahoraho.

Musitanteri ni we ategura ingene amafaranga yagenewe igikorwa kinaka ashobora gukoreshwa ku kindi gikorwa hamwe n'amafaranga yongerezwa ku yari yategekanirijwe igikorwa kinaka. Arabishikiriza Inama ya Komine kugira ivyemeze biciye mw'itora kandi irashobora guhindura ivyo yayishikirije. Mu guhindura ico arico cose gituma amafaranga akoreshwa yiyongera, hategerezwa gutegekanywa igitigiri kingana c'amafaranga yinjira.

Igihinduwe ico arico cose gituma amafaranga yinjira agabanuka bigatuma ayinjira n'ayakoreshwa atangana, hategerezwa kugabanywa ayakoreshwa ku gitigiri kingana n'ayagabanijwe ku yinjira canke hagategekanywa igitigiri c'ayandi yinjira.

Ingingo ya 63: Kuri ivyo vyose bidategekanijwe muri iki kigabane, hazokurikizwa amategeko yerekeye itunganywa ry'ikigega ca Komine.

AGACE KA 2 : Aho amafaranga ya Komine ava

Ingingo ya 64: Amafaranga ya Komine ava nko muri ibi :

- 1%. amakori Komine itoza ;
- 2%. amafaranga ava mu matungo ya Komine hamwe n'ayava mw'igurishwa ry'ayo matungo n'amafaranga y'inyungu Komine ikura mu mitahe yayo;
- 3%. amafaranga Komine igurana ;
- 4%. amafaranga Komine ifashishwa na Leta canke amashirahamwe yishinze ivyerekeye iterambere mu butunzi no mu mibano, ivyo Komine igabiwe n'ivyo irazwe ;
- 5%. intererano y'abanyagihugu mw'irangurwa ry'imigambi ya Komine ;
- 6%. amafaranga Komine itoza mu biterwa vyinjiza amafaranga ;
- 7%. ikori ry'agataka n'ikori ku mazu akoteshejwe.

Ingingo ya 65: Ikori iryo ariryo ryose ritozwa na Komine rishingwa n'ibwirizwa.

Ingingo ya 66: Amakori Komine itoza ntashobora gutozwa ku bintu bitozwako ikori na Leta no ku vyimburwa bimwe bimwe bishorwa n'ababirimye. Itegeko riteweko igikumu n'Umushikiranganji w'Intwaro yo Hagati mu Gihugu hamwe n'Umushikiranganji w'Ikigega ca Leta ni ryo ritegekanya urutonde rw'ivyo vyimburwa.

Ingingo ya 67: Komine iratangisha matagisi abo yaranguriye ibikorwa ku nyungu yabo bwite.

Ayo matagisi angana n'ivyo Komine yakoze. Komine irangura ivyo bikorwa ku gushaka kwayo canke ibitegetswe.

Ingingo ya 68: Ingingo yose ishingira amakori Komine itoza irategekanya ivyo vyose bikenewe vyerekeye amategeko akurikizwa mu kuyatoza n'ivy'abitwara kubera ayo makori.

Ingingo zishingira amakori Komine itoza zirategekanya ihadabu ku batayatanze, igitigiri caryo ntikirenge incuro zitanu ikori ritarishwe.

Ingingo ya 69: Ku rugero n'uburyo bwashinzwe n'ibwirizwa, Leta irahabera Komine amakori canke ayandi mafaranga irihwa n'abaranguriwe ibikorwa iyo ivyo bikorwa vyose canke bimwe bimwe muri vyo vyakozwe na Komine. Urugero rw'amakori Leta ihebera Komine rurashobora guhindurwa n'Inama ya Komine mu buryo butegekanijwe n'ibwirizwa.

Ingingo ya 70: Komine, yihweje uburyo ifise bwo kwishura, irashobora gusaba ingurane mu buryo butegekanijwe n'ibwirizwa hamwe n'ayandi mategeko avyerekeye.

Amafanga yaguranywe nta kindi akoreshwa atari irangurwa ry'imigambi y'iterambere.

Ingingo ya 71: Iryo Komine igabirwa canke iragwa n'abantu canke amashirahamwe akukira Leta canke y'abikorera ivyabo biciye amafanga arenga imiliyoni cumi bitegerezwa kumenyeshwa Bulamatari w'intara canke Umukuru w'igisagara.

Ingingo ya 72: Kugira ntihagire Komine n'imwe canke intara n'imwe isigara inyuma mw'iterambere na cane cane mu vyerekeye ibikorwa vy'iterambere ry'abanyagihugu mu butunzi n'imibano Leta irafasha mu kuyironsa uburyo bukwiye bwiyongera ku matungo yari isanganywe kugira Komine ishingira umugambi wo kurangura ibikorwa vy'iterambere nko mu vyerekeye indero, amagara y'abantu, amabarabara, umuyagankuba n'amazi.

Ingingo ya 73: Amafanga Leta ifashisha Komine iyatanga ibanje wihweza ingene imigambi y'iterambere imeze n'uburyo iriko irarangurwa. Amafanga y'imfashanyo iyatanga kugira ngo imbere ya vyose amafanga Komine yinjiza n'ayo ikoresha angane hafatiwe ku yategerezwa gukoreshwa no kugira ngo yunganire Komine k'uyo itegerezwa gutanga mu migambi y'iterambere. Iyo mfashanyo itegerezwa gutangwa abaserukira Komine n'abaserukira Leta babanje gutera ibikumu ku masezerano arimwo ivyo Leta isaba kugira ngo iyitange :

Ingingo ya 74: Iryo Leta isaba bitegekanijwe mu ngingo ya 74 y'iri bwirizwa ni nk'ibi :
1%. urutonde rw'ibikorwa bikenewe gutangirwa amafanga hamwe n'ibikorwa:

- amafanga igikorwa kimwe kimwe gitangirwa ;
- igitigiri c'amafanga Komine izotanga ;

- urutonde rw'abanywanyi bafasha mu gikorwa c'iterambere n'amafaranga umwe umwe azotanga ;
- 2°. intererano y'amafaranga abanyagihugu bazotanga uretse amafaranga y'ikori Komine itoza n'ivyo abanyagihugu bazofasha mu bikorwa vy'iterambere rusangi ;
- 3°. ikirangaminsi c'irangurwa ry'ivyo bikorwa ;
- 4°. uburyo bwo gukurikirana ingene ibikorwa birangurwa n'aho bigeze kurangurwa n'ibivyerekana biboneka.

Ingingo ya 75: Urwego rw'Abashikirananyi ruracungera ko uburyo amakori atozwa akaba aja mu kigeza kigenewe gushigikira intwari y'intara n'amakomine buja buratera imbere. Urwo rwego rurategekanya uburyo bwo gusubiza mu bigega vy'amakomine, amakori nk'uko bitegekanijwe ku karungo k'indwi k'ingingo ya 64 y'iri bwirizwa. Ruracungera kandi ko yashikirijwe koko amakomine kandi ko Komine yose yaronse ayo ikwiye.

AGACE KA 3 : Amafaranga Komine isohora

Ingingo ya 76: Amafaranga Komine isohora aharurwa ku mwaka ku mwaka akandikwa mw'itegeko ritegekanya amafaranga Komine izokwinjiza n'ayo izosohora.

Ingingo ya 77: Amafaranga ya Komine akoreshwa nko muri ibi:

- 1° impembo y'abakozi ba Komine bahawe akazi hakurikijwe amategeko n'ibindi vyose bitegerezwa kurahirwa abakozi bitegekanijwe n'amategeko canke hakurikijwe amasezerano abakozi bagiraniye na Komine ;
- 2° agashirikabute ka Musitanteri n'utundi dushirikabute yemerewe n'Inama ya Komine ;
- 3° amafaranga atuma ubuzi bwa Komine burangurwa, harimwo amafaranga yo kugura no kubungabunga ibikoresho n'ayakoreshwa mu guhanahana amakuru ;
- 4° amafaranga Komine iterera mw'irangurwa ry'imigambi y'iterambere rusangi ;
- 5° amafaranga yo kubungabunga ivyakozwe vyerekeye ubutunzi n'imibano bigabwa na Komine canke bitegerezwa kubungabungwa na Komine ;
- 6° amafaranga y'inyungu Komine itanga ku yo yaguranye n'ayo kwishura iyo ngurane nyene ;
- 7° amafaranga yo kubungabunga inyubakwa n'ayandi matungo ya Komine hamwe n'ayandi matungo yahawe ngo ikoreshe ;
- 8° amafaranga akoreshwa mu vy'isuku harimwo no gukura imicafu n'amazi mabi yakoreshejwe ;

- 9° amafaranga yo kubungabunga amabarabara ya Komine, ivyapa bishingwa ku mabarabara n'ibindi vyubatswe ku buhinga ;
- 10° amafaranga yo gufashisha abanyeshule n'abarwaye ba ntahonikora;
- 11° ayandi mafaranga Komine iheranye, igitigiri cayo kikaba kizwi kandi ageze kwishurwa hamwe n'ayo Komine yaciriwe na za sentare;
- 12° ayandi mafaranga yose amabwirizwa ategukanya ko atangwa na Komine hatirengagijwe ibitegekanijwe mu ngingo za 60 na 61 z'iri bwirizwa.

Ingingo ya 78: Iyo Leta ihaye Komine Ububasha n'ibikorwa bishasha, ibwirizwa kuyiha amafaranga n'abakozi bica bikenerwa.

Ingingo ya 79: Iyo amategeko abwirije Komine gusohora Amafaranga itari yarayategekanije, bikenewe Leta ica iyariha Komine.

IKIGABANE CA 5 : IVYEREKEYE AMATUNGO N'AMABARABARA YA KOMINE

AGACE KA 1: Amatungo ya Komine

Ingingo ya 80: Amatungo ya Komine agizwe n'ibintu vyimuka n'ibitimuka yaguze canke yagabiwe. Muri ayo matungo, harimwo ay'Igihugu n'ayo Komine yiganzira.

Ingingo ya 81: Mu matungo y'igihugu hajamwo ayo Inama ya Komine itegegetse ko ari ay'Igihugu, ayo Komine ikoresha mu butegegetsi hamwe n'ayo yageneye gukoreshwa n'a banyagihugu bose.

Ingingo ya 82: Leta irahabera amakomine ataco atanze, amatungo yayo yose canke amwe amwe mu y'Igihugu canke mu yo yiganzira, igashinga ko aja mu y'Igihugu canke mu yo amakomine yiganzira.

Ariko, bitumwe n'ineza ya bose, Leta irashobora gusubira kuri ayo matungo canke amwe amwe muri yo itaguzwe, mugabo igategerezwa kuriha akamaro ayo matungo yari afitiye amakomine.

Ingingo ya 83: Amabarabara ya Komine ari mu matungo y'Igihugu.

Ingingo ya 84: Amatungo y'Igihugu nt'ashobora kugurishwa atarakurwa muri uwo murwi w'amatungo.

Ingingo ya 85: Amatungo Komine yiganzira agizwe n'ibintu vyose vyimuka n'ibitimuka bitari mu murwi w'amatungo y'Igihugu.

Ingingo ya 86: Leta irashobora guha amakomine, aguze canke ataguze, amatongo yayo canke amwe amwe mu yari muri ayo maKomine. Ayo matongo aja mu yo Komine yiganzira igihe Leta itayageneye gukoreshwa na bese canke n'ubutegetsi buri muri Komine. Ayo matongo ari mu bishobora kudandazwa.

Iyo Leta yipfuzaga gusubira kuri ayo matongo yose canke amwe amwe muri ayo bitumwe n'ineza ya bese irayasubizwa nk'uko yari yayatanze ariko igategerezwa kuriha akamaro yari afitiye Komine.

Ingingo ya 87: Hatirengagijwe amategeko agenga ivyerekeye gutanga n'ugutiza amatongo Komine yiganzira, Komine irashobora kuronka, kugurisha, gukaba amatongo yiganzira, Inama ya Komine yabanje kubirekura kandi Bulamatari avyemeye.

Ingingo ya 88: Ugusohora nyene itongo ku neza ya bese bishobora gushingwa kugira ngo Komine iharangurire umugambi ujanye n'ineza y'ababa muri iyo Komine. Leta ni yo itanga umuzibukiro hakurikijwe amategeko avyerekeye.

AGACE KA 2 : Amabarabara ya Komine

Ingingo ya 89: Muri Komine, amabarabara yose ni aya Komine, havuyemwo ayemejwe ko ari makuru makuru.

Ingingo ya 90: Komine niyo ibungabunga amabarabara yayo, ivyapa bishingwa ku mabarabara n'ibindi vyubatswe ku buhinga.

Ingingo ya 91: Amayira yiciriwe n'abantu mu matongo yabo agengwa nayo nyene n'amategeko yerekeye uruja n'uruza mu mabarabara. Vyemejwe n'Inama ya Komine Musitanteri arashobora kuyashira mu murwi w'amabarabara ya Komine.

Ingingo ya 92: Umushikiranganji w'Ibikorwa vya Leta arashobora gushingwa ko ibarabara rya Komine rija mu murwi w'amabarabara makuru makuru canke ko ibarabara rikuru rija mu murwi w'amabarabara ya Komine.

Ariko ugushira ibarabara rikuru mu murwi w'amabarabara ya Komine nti bishoboka Inama ya Komine Itabanje kuvyemera.

Ingingo ya 93: Abanje kubitohoza ku mugaragaro, kandi bikemezwa n'Inama ya Komine, Musitanteri arashobora gukura ibarabara mu murwi w'amabarabara ya Komine.

Umushikiranganji w'ibikorwa vya Leta arashobora ingene iryo tohoza rigirwa n'uburyo bwo gutangaza ingingo ikura iryo barabara mu murwi ryarimwo.

Ingingo yo gukura iryo barabara mu murwi ryarimwo ikurikizwa haheze amezi abiri itangajwe. Iyo ngingo ishobora kwitwarirwa ku Mushikiranganji w'Ibikorwa vya Leta muri icyo kiringo nyene. Uko kwitwara gutuma ikurikizwa ry'ingingo yitwariwe rihagarikwa gushika uyo mushikiranganji afashe ingingo, agategerezwa kuyifata mu mezi abiri.

IKIGABANE 6 : ICUNGERWA N'IGENZURWA RYA KOMINE

AGACE KA 1: Ingene ingingo zishingwa n'abategetsi ba Komine zicungerwa

Ingingo ya 94: Ingingo zishingwa n'abategetsi ba Komine zicungerwa ku rugero rwa mbere na Bulamatari w'intara iyo ari Komine itari mu gisagara n'Umukuru w'igisagara iyo ari Komine iri mu gisagara; ku rugero rwa kabiri zicungerwa n'Umushikiranganji w'Intwari yo hagati mu gihugu.

Uko gucungerwa kugirwa muri ubu buryo:

- mu kwemeza canke mu gutanga uruhusha ;
- mu guhagarika canke mu gufuta ingingo zashinzwe ;
- mu gusubiriza ingingo zashinzwe.

Ingingo ya 95: Atari mu vyategekanyijwe n'iri bwirizwa canke ayandi mabwirizwa avyerekeye, ingingo zishingwa n'abategetsi ba Komine ntizibanza kwemezwa canke gusabirwa uruhusha. Uko kwemeza canke uko gutanga uruhusha bigaragazwa n'inzandiko.

Ariko uruhusha rwitwa ko rwatanzwe iyo haheze ukwezi ubutegetsi burutanga bwararonse urwandiko rusaba uruhusha ntibarutange kiretse hafashwe ingingo irimwo ibituma bishemeye vyo kwongereza icoikiringo.

Ingingo ya 96: Bulamatari w'Intara canke Umukuru w'Igisagara Barashobora guhagarika amategeko canke ingingo zashinzwe n'abategetsi b'amakomine bitajanye n'ivyo bajewe canke biteye kubiri n'ibwirizwa canke n'ineza y'abo barongoye. Ihagarikwa riba mu minsi cumi n'itanu ikurikira igenekerezo Bulamatari canke Umukuru w'igisagara bamenyeyeko itegeko canke ingingo vyashinzwe.

Ihagarikwa rica rimenyeshwa buno nyene Umushikiranganji w'Intwari yo Hagati mu Gihugu n'ubutegetsi bwa Komine vyerekeye n'impamvu zishimikijwe. Uko guhagarika ivyashinzwe kurangira Umushikiranganji w'Intwari yo Hagati mu Gihugu ashinze ingingo yo guhagarika canke haheze ukwezi abimenyeshwe.

Ingingo ya 97: Umushikiranganji w'Intwari yo Hagati mu Gihugu arashobora gufuta amategeko canke ingingo vyafashwe n'abategetsi b'amakomine iyo bitajanye n'ivyo bajewe canke biteye kubiri n'amabwirizwa canke ineza y'abo barongoye. Uko gufuta kuba mu minsi mirongo itatu ikurikira igenekerezo Umushikiranganji w'intwari yo hagati mu gihugu amenyeyeko itegeko canke ingingo vyashinzwe.

Uko gufuta guca kumenyeshwa buno nyene Bulamatari w'Intara canke Umukuru w'Igisagara hamwe n'ubutegetsi bwa Komine vyerekeye hamwe n'impamvu zatumye iryo futwa.

Ingingo ya 98: Iyo abategetsi ba Komine batafashe ingigo amategeko ababwiriza gufata, Umushikiranganji w'Intwari yo Hagati mu Gihugu, Bulamatari canke Umukuru w'Igisagara, babanje kubakebura incuro zibiri zikurikirana, barashobora kubasubirira mu gushinga ingingo iyo ariyo yose ikenewe.

AGACE KA 2 : Gucungera ingene inzego za Komine zikora

Ingingo ya 99: Ububasha bwo gucungera ingene inzego za Komine zikora bukoreshwa muri ubu buryo:

- mu gufuta urwego;
- mu kubogoza abarugize.

Ingingo ya 100: Umushikiranganji w'Intwari yo Hagati mu Gihugu, bitumwe n'imvo zihambaye canke ineza ntangere y'Igihugu, arashobora gusaba Umukuru w'Igihugu ko afuta kubogoza abari mu Nama ya Komine. Itegeko ry'Umukuru w'Igihugu ribabogozwa rishingwa abashingamateka baserukira intara iyo Komine irimwo canke igisagara irimwo babanje guhanuzwa.

Mu kiringo c'ukwezi gukurikira iryo bogozwa haca hatunganywa ayandi matora. Inama ya Komine isubirizwa hakurikijwe ingingo ziri mw'Ibwirizwa Rigenga Amatora.

Ingingo ya 101: Musitanteri ashobora gukurwa mu mabanga ajejwe bisabwe n'Inama ya Komine canke na Leta bivuye ku mpamvu zitegekanijwe mu ngingo ya 33 y'iri bwirizwa.

Iyo Inama ya Komine ariyo ivyitumye, ingingo ishingwa yemejwe bitatu kuri bine vy'abayigize. Ubutegetsi bukurira urwo rwego ntibushobora kuvyanka.

Iyo bivuye kuri Leta, ifata ingingo bibanje kwemerwa n'Inama ya Komine; Inama ya Komine ivyanka ari uko ikwiye ibice bitatu kuri bine vy'abari muriyo.

AGACE KA 3 : Igenzurwa ry'amafaranga Komine yinjiza n'ayo isohora ku mwaka

Ingingo ya 102: Integuro y'amafaranga Komine yinjiza n'ayo isohora ku mwaka imaze kwemezwa n'Inama ya Komine irarungikirwa Bulamatari w'Intara canke Umukuru w'Igisagara mu minsi cumi n'itanu ikurikira umunsi yemezwa kugira hasuzumwe ko iyo integuro yisunze ibisabwa n'amabwirizwa nk'uko bitegekanijwe mu ngingo ya 59 n'izikurikira z'iri bwirizwa.

Bulamatari w'intara canke Umukuru w'igisagara arasuzuma ko:

- ata nakimwe cibagiwe mu bitegekanijwe mu ngingo ya 77 ;
- amafaranga yinjira, baravye ko ibitegekanijwe ari ibinyakuri, azokwira mu kuriha ivyo Komine ikoresha, vyose biba ibirihwa mu mafaranga yagenewe, imirimo isanzwe y'ubuho bwa Komine canke ayo, Komine ikoresha mu bikorwa vy'iterambere, harimwo amafaranga yo kuriha imyenda, igizwe n'umutahe be n'inyungu, ata myenda mishasha ibanje gufatwa.

Ingingo ya 103: Iyo ibisabwa mu ngingo ya 102 y'iri bwirizwa bikwiye, integuro y'amafaranga Komine yinjiza n'ayo ikoresha ku mwaka ica ikurikizwa.

Ingingo ya 104: Sentare icungera Amatungo ya Leta irihweza kandi ikemeza inzandiko zerekeye amafaranga ya Komine n'ingene akoreshwa. Iremeza ko Umukuru wa Komine yakoresheje amafaranga ya Komine nk'uko amabwirizwa abitegekanya.

IKIGABANE CA 7 : URUTONDE RW'IMIGAMBI Y'ITERAMBERE RUSANGI MURI KOMINE

Ingingo ya 105: Itegeko ry'Umushikiranjanji ajejwe Imigambi ya Leta riratondeka inyubakwa n'ibindi bikoresho vyegukira Igihugu cose, intara canke amakomine.

Iryo tegeko riravuga ububasha bwa Leta n'ubwa Komine mu vyerekeye gushinga imigambi y'izo nyubakwa n'ivyo bikoresho, kuvyubaka no kubibungabunga.

Ingingo ya 106: Umugambi w'iterambere rusangi rya Komine urashinga amafaranga Komine itanga n'ayongerwako n'amashiraha- mwe yunganira Komine mw'iterambere. Amafaranga atangwa na Komine aja mu murwi w'ayo Komine itegerezwa gutanga nk'uko bitegekanijwe mu ngingo ya 56 y'iri bwirizwa.

Ingingo ya 107: Urutonde rw'imigambi y'iterambere rusangi rya Komine rukurikizwa rumaze kwemezwa n'Inama ya Komine, kandi Umushikiranjanji w'Imigambi ya Leta abanje gusuzuma ko urwo rutonde rujanye n'imigambi y'iterambere y'Igihugu cose.

Urwo rutonde rw'imigambi y'iterambere rya Komine ruca ruja mu ngiro iyo haheze ukwezi umushikiranjanji abishikirijwe ntihagire inyishu atanga.

Ingingo ya 108: Iri bwirizwa rimaze gutangazwa, Leta izoshiraho mu maguru masha igitabu c'amategeko azokurikizwa n'amakomine yose mu vy'intwari n'ubutunzi.

Ico gitabu kizofatira ku biri muri iri bwirizwa, ku mategeko agenga iringanizwa ry'ibigeza vy'amakomine azoba nayo nyene yaramaze gusubirwamwo.

IGICE CA GATATU : INGINGO MFATAKIBANZA N'IZISOZERA

Ingingo ya 109: Imbibe z'igisagara ca Bujumbura n'ingene kiringanjwe bishingwa n'ibwirizwa rivyerekeye.

Mu matora ya mbere akurikira ikiringo c'intworo mfatakibanza, mu kurindira ko hashingwa amakomine mu bisagara, igisagara ca Bujumbura gifatwa nk'intara, amazone nayo agafatwa nk'amakomine.

Ingingo ya 110: Ku vyerekeye amatora ya mbere akurikira intworo mfatakibanza, kuva iri bwirizwa ritangajwe, imbibe z'amakomine n'aho ubutegetsu bw'amakomine, bw'amazone n'ubwo ku mitumba bugera biguma uko biri nk'uko bitegekanyijwe n'ibwirizwa n'ayandi mategeko avyerekeye. Umushikiranganji w'Intworo yo Hagati mu Gihugu niwe ashingira itegeko ryo guheza amatati ahagaze ku mbibe z'uturere amatora aberamwo.

Ingingo ya 111: Iri bwirizwa ritangura gukurikizwa umunsi ritangajwe.

Ingingo ya 112: Ingingo zose zahahora ziteye kubiri n'iri bwirizwa zirafuswe.

**Bigiriwe i Bujumbura, igenekerezo rya 20
ndamukiza 2005**

Domisiyo NDAYIZEYE

**RYABONYWE KANDI RYASHIZWEKO IKIMANGU
CA REPUBULIKA NA :**

**UMUSHIKIRANGANJI W'UBUTUNGANE KANDI AJEJWE
GUSHINGURA IKIMANGU CA REPUBULIKA**

Didasi KIGANAHE